

# REGENTS IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT

HAITIAN CREOLE EDITION  
U.S. HISTORY AND GOVERNMENT  
FRIDAY, JUNE 20, 2008  
9:15 a.m. to 12:15 p.m., only

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Vandredi, 20 Jen 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi dechire paj repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an lèt enprime nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonse pou w ekri repons yo.

**Pati I** a gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Seksyon A nan Pati III** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Pati III** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I a, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo pap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy komunikasyon entèdi sevèman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab epi ou pap jwenn nòt pou li.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**


## Pati I

### Reponn tout kesyon ki genyen nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oubyen ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- 1 Ki faktè jeyografik ki te plis ede Etazini konsèvè plas li nan politik etranje li san pati pri pandan pifò ane 1800 yo?
  - (1) klima Gran Plèn
  - (2) oseyan ki sou kòt lès ak kòt lwès li yo
  - (3) gwo rezo rivyè navigab yo
  - (4) chenn montay ki toupre kòt Atlantik ak kòt Pasifik la
- 2 Anvan 1763, politik Britanik nan neglijans salitè anvè koloni Ameriken li yo te baze sou dezi Grannbretay pou
  - (1) trete tout pèp angle, avèk koloni yo tou, sou yon baz egalego
  - (2) jwenn benefis nan pwosperite ekonomik koloni Ameriken yo
  - (3) ankouraje endistri nan koloni Ameriken yo
  - (4) asire yo te suiv tout règleman mèkantil la sevèman
- 3 Yon gwo kritik Atik Konfederasyon an te andire sèke yo te akòde twòp pouvwa a
  - (1) monachi Britanik
  - (2) Chanm Reprezantan Bègès
  - (3) gouvènman eta yo
  - (4) gouvènman nasyonal la
- 4 Ki rezon prensipal ki te fè esklavaj la te vin gaye plis nan Sid pase nan Nò?
  - (1) Mouvman abolisyonis lan te baze nan Nò.
  - (2) Komèsan sid yo te kontwole endistri tekstil la.
  - (3) Legliz Anglikan ki te kont esklavaj la te pi fò nan Nò.
  - (4) Faktè jeyografik yo te kontribiye nan devlopman sistèm plantasyon sid la.
- 5 Ki aksyon Lakou Siprèm Etazini kapab adopte pou montre konsèp ki endike Konstitisyon an se “lwa siprèm teritwa a”?
  - (1) anplwaye nouvo jij federal
  - (2) vote atik akizasyon
  - (3) deklare yon lwa eta enkonstitisyonèl
  - (4) rejte yon nonimasyon prezidansyèl nan kabinè a
- 6 Pase lwa maryaj ak divòs, kreye règleman pou veyikil ak sikilasyon, epi fikse kondisyon pou gradyasyon nan lekòl segondè se egzanp pouvwa
  - (1) sèl gouvènman lokal yo egzèse sou plan tradisyonèl
  - (2) ki rezève pou gouvènman eta yo sou plan tradisyonèl
  - (3) ki delege nèt pou gouvènman federal la sou plan tradisyonèl
  - (4) gouvènman nasyonal la ak gouvènman lokal yo genyen an komen sou plan tradisyonèl
- 7 Nan kòmansman ane 1800 yo, Rivyè Misisipi te enpòtan pou Etazini paske li
  - (1) t ap sèvi kòm yon wout pou echanj komèsyal
  - (2) te vin mennen lagè ant Grannbretay ak Lespay
  - (3) te separe teritwa Endyen yo ak Etazini
  - (4) te sèvi kòm fwontyè ant Etazini ak Meksik
- 8 Yon egzanp sous prensipal enfòmasyon sou Lagè 1812 la ta yon
  - (1) plan batay pou atak sou Fò McHenry
  - (2) istwa woman sou Batay New Orleans
  - (3) film sou lavi Prezidan James Madison
  - (4) pasaj ki nan manyèl sou angajman naval lagè a
- 9 Nan ane 1840 yo, anpil Ameriken te itilize tèm *Destine Manifeste* pou jistifye
  - (1) ogmantasyon esklavaj nan teritwa yo
  - (2) lagè avèk Lawisi pou teritwa Oregon
  - (3) akizisyon koloni yo nan Amerik Latin
  - (4) ekspansyon nan direksyon lwès nan teritwa lòt peyi reklame

Baze repons ou pou kesyon 10 sou desen ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Rex Babin, *The Sacramento Bee*, 29 Jan 2004

10 Ki prensip konstitusyonèl ki se objektif desen sa a?

- |                          |                    |
|--------------------------|--------------------|
| (1) libète endividyèl    | (3) libète lapawòl |
| (2) separasyon pouvwa yo | (4) federalis      |

11 Ki tèm ki gen pou wè ak ide ke kolon yo te genyen dwa pou deside si esklavaj la ta dwe legal nan teritwa yo?

- (1) envalidasyon
- (2) rejyonalis
- (3) souverènte popilè
- (4) sesesyon sid

12 Desizyon Lakou Siprèm nan pwosè *Dred Scott v. Sanford* (1857) te enpòtan paske li

- (1) te pèmèt genyen esklavaj nan Kalifòni
- (2) deklare esklavaj la ilegal nan eta Sid yo
- (3) sipòte aksyon Rezo Esklav Mawon yo
- (4) deside Kongrè a pat kapab entèdi esklavaj nan teritwa yo


13 Ki yon objektif komen twa amannman ki te ajoute nan Konstitusyon Etazini an ant 1865 ak 1870?

- (1) pwolonje dwa pou fanm nan Sid yo vote
- (2) refòm sistèm konbit ak lojman an
- (3) akòde dwa pou Ameriken Nwa yo
- (4) pwoteje dwa moun nan Sid yo ki akize kòm trayizon

14 Repiblikan radikal ki nan Kongrè te kont plan Prezidan Abraham Lincoln pou Rekonstriksyon an paske Lincoln

- (1) te mande pou mete pifò lidè Konfedere yo nan prizon
- (2) te rejte lide pinisyon di pou Sid la
- (3) te fè plan pou kite twoup Nò yo nan Sid apre lagè a
- (4) te mande dwa sivil ak politik imedyat pou ansyen esklav yo

Baze repons ou pou kesyon 15 ak 16 yo sou kat jeyografik ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Thomas G. Paterson et al., *American Foreign Policy: A History 1900 to Present*, D. C. Heath, 1991 (adapte)

15 Ki tit ki ta pi egzat pou kat jeyografik sa a?

- Fen Kolonizasyon nan Amerik Latin
- Pwomosyon Echanj komèsyal avèk Amerik Latin
- Èd Imanitè nan Emisfè oksidental
- Entèvansyon Etazini nan Zòn Karayib la

16 Gouvènman Etazini te jistifye pifò aksyon ki prezante sou kat jeyografik la lè li site

- tèm kowolè Roosevelt ki sòti nan Doktrin Monroe
- menas Almay apre Premye Gè Mondyal
- gen dezi pou sispann imigrasyon ilegal moun ki sòti nan Amerik Latin
- bezwen pwoteje Amerik Latin kont menas kominis lan

17 Ki deklarasyon sou devlopman Gran Plèn yo nan fen ane 1800 yo ki pi egzat?

- Gwo pwofi kapab reyalize nan endistri asye.
- Chemennfè te diminye nan enpòtans toupatou nan rejon an.
- Imigran yo pa kapab anmezi pou vin kiltivatè ankò.
- Agrikilti mekanize te vin dominan nan rejon an.

18 Lwa sou Komès ant Eta (1887) ak Lwa Sherman kont Monopòl (1890) te reprezante efò gouvènman federal la pou

- kontwole kèk aspè komès
- ogmante karakteristik pozitif twòs yo
- favorize gwo komès sou ti konpayi yo
- deplase pou ale nan posesyon endistri kle gouvènman an

- 19 Nan fen ane 1800 yo, grèv asye Homestead ak grèv otoray Pullman pa t gen siksè paske
- (1) gouvènman an te sipòte pwopriyetè konpayi yo
  - (2) pifò travayè te refize patisipe nan grèv la
  - (3) Lakou Siprèm te deklare toulède grèv yo te ilegal
  - (4) mèt izin yo te anplwaye timoun pou ranplase moun kap fè grèv yo
- 20 Desizyon Lakou Siprèm nan pwosè *Plessy v. Ferguson* (1896) te fè respekte yon lwa eta ki te
- (1) entèdi anplwa travayè Chinwa yo
  - (2) kreye pratik segregasyon rasyal
  - (3) deklare itilizasyon mendèv prizonye yo ilegal
  - (4) fôse Ameriken Endyen Nativ Natal yo tounen al abite nan rezèv yo
- 21 Etazini t ap sipòte enterè ekonomik Lachin pa
- (1) entèvni nan Lagè ant Lachin ak Japon
  - (2) pase Lwa Eksklyuzion Chinwa
  - (3) ankouraje Rebelyon Bokse
  - (4) adopte politik Pòt Louvri
- 22 Jiska kòmansman 20<sup>èm</sup> syèk la, te genyen kèk restriksyon sou imigrasyon Ozetazini te egziste prensipalman paske
- (1) endistri a te bezwen plis ekipman pou travay
  - (2) imigrasyon an total te toujou ba relativman
  - (3) sendika yo te toujou favorize imigrasyon san restriksyon
  - (4) Lakou Siprèm te deside Kongrè a pa kapab mete restriksyon sou imigrasyon
- 23 Nan kòmansman ane 1900 yo, jounalis tripotay yo te ofri yon sèvis pou publik Ameriken an lè yo te
- (1) mande yon fòmasyon fòs lame ki fò
  - (2) entèsede pou mwens règleman gouvènman an sou komès yo
  - (3) ekspoze abi nan gouvènman an ak nan endistri a
  - (4) ankouraje eta yo pou yo reziste kont otorite gouvènman federal la

Baze repons ou pou kesyon 24 sou tablo ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**Eta ak Teritwa ki te Akòde Fanm yo Tout Dwa pou yo Vote Anvan 19yèm Amannman an**

Eta	Dat li te kòmanse
Teritwa Wyoming	1869
Wyoming	1890
Colorado	1893
Utah	1896
Idaho	1896
Arizona	1912
Washington	1910
Kalifòni	1911
Kansas	1912
Oregon	1912
Teritwa Alaska	1913
Montana	1914
Nevada	1914
New York	1917
Michigan	1918
Oklahoma	1918
Dakota-di-Sid	1918

Sous: Alexander Keyssar, *The Right to Vote*, Basic Books, 2000 (adapte)

- 24 Ki konklizyon sou dwa pou fanm yo vote ki pi byen sipòte nan enfòmasyon ki nan tablo a?
- (1) Kongrè a pa t pèmèt fanm yo vote nan teritwa yo.
  - (2) Anvan 1917, anpil eta lwès yo te akòde fanm yo dwa pou yo vote.
  - (3) Lakou Siprèm Etazini te dwe apwouve dwa pou yon fanm vote nan chak eta.
  - (4) Fanm yo te jwenn pèmisyon pou yo vote sèlman nan eleksyon eta yo.
- 
- 25 Apre Premye Gè Mondyal la, Sena Etazini an te refize apwouve Trete Vèsay la. Aksyon sa a te montre entansyon Sena a te genyen pou
- (1) bay sipò pou Lig Nasyon
  - (2) pini peyi ki te kòmanse lagè a
  - (3) retounen nan politik izolasyonis
  - (4) konsève lidèchip Etazini nan zafè monn lan

Baze repons ou pou késyon 26 sou powèm ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Manman a Pitit Gason

Ebyen, pitit gason mwen, m ap di ou:  
Lavi a pou mwen pa mach eskalye kristal  
Li te genyen klou ladan,  
Ak mòso bwa,  
Epi planch yo defonse,  
Epitou espas yo san kapèt sou planche a—  
Vid.  
Men toutan  
Map grenpe,  
Map grenpe monte yon echèl,  
Map vire adwat agoch,  
Epi pafwa mache nan fènwa  
Kote pa genyen limyè.  
Kidonk pitit gason mwen, pa retounen.  
Pa poze sou mach yo  
Sa ap lakòz ou jwenn li difisil enpe.  
Piga w tonbe kounye a—  
Map kenbe toujou, cheri,  
Map kenbe toujou,  
Epi lavi a pou mwen pa mach eskalye kristal.

—Langston Hughes, 1922

26 Yon objektif powèm sa a, ki te ekri pandan Renesans Halèm, se te pou

- (1) eksplike avantaj lavi nan katye pòv yo
- (2) diskite sou lide nan langaj Ameriken imigran yo te itilize
- (3) mande Ameriken Nwa yo pou yo aksepte bagay yo jan yo ye
- (4) ankouraje Ameriken Nwa yo pou yo kontinye batay pou egalite pou tout moun

27 Pwosè 1925 Scopes la te montre

- (1) dezi pou genyen nouvo lwa sou dwa pou moun vote
- (2) nesesite pou genyen pi bon lekòl privé
- (3) konfli ant fondamantalis pwotestan ak syans
- (4) efè Menas Wouj sou sistèm legal la

28 Kisa ki te yon kòz prensipal Gran Depresyon an?

- (1) diminye nan pwodiksyon machandiz pandan pifò ane 1920 yo
- (2) distribisyon inegal richès la Ozetazini
- (3) kontwòl egzajere endistri labank lan
- (4) dwa ladwan ki ba sou machandiz etranje yo

29 Lwa 1935 sou Relasyon Travay Nasyonal la (Lwa Wagner) te afekte travayè yo pa

- (1) pwoteje dwa yo pou fòme sendika ak pou negosye ansanm
- (2) anpeche sendika anplwaye leta fè grèv
- (3) ofri pansyon federal pou travayè retrete yo
- (4) entèdi pratik diskriminasyon rasyal nan travay

Baze repons ou pou késyon 30 sou desen ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



**“Nou te konsève très pwen pou voye  
Junior al kouche san li pa soupe.”**

Sous: *Esquire Magazine*, 1944 (adapte)

30 Ki karakteristik sou lavi lakay pandan Dezyèm Gè Mondyal desen 1944 sa a montre pi aklè?

- (1) rasyònman manje
- (2) mank lojman
- (3) delenkans jivenil
- (4) konsèvason resous natirèl

- 31 Anvan kòmansman Dezyèm Gè Mondyal la, Grannbretay ak Lafrans t ap suiv yon politik apèzman lè yo
- te rejte yon alyans avèk Inyon Sovyetik
  - te pèmèt Almay ogmante teritwa li
  - siyen akò nan Konferans Yalta
  - kont efò Etazini pou re-ame
- 32 Pwosè pou krim lagè ki te fèt apre Dezyèm Gè Mondyal la te genyen yon siyifikasyon istorik paske pou premye fwa
- yo te mande peyi yo pou peye pou domaj lagè a
  - moun yo te jwenn eskiz pou yo pa pousuiv yo lajistis
  - yo te jwenn peyi toulède pati yo te koupab poutèt yo te lakòz lagè a
  - yo te fè moun yo pran responsabilite pou zak yo pandan lagè a

Baze repons ou pou kesyon 33 sou sitasyon ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Mwen kwè ke se politik Etazini pou sipòte moun lib ki reziste kont tantativ asijetisman [kontwòl] minorite ame oswa presyon lòt peyi.

Mwen kwè nou dwe ede moun lib yo travay sou pwòp desten yo nan pwòp fason pa yo.

Mwen kwè èd nou dwe prensipalman ekonomik ak finans ki enpòtan pou estabilite ekonomik ak pwosesis politik regilye yo. . . .

—Prezidan Harry Truman, diskou devan Kongrè a (Doktrin Truman), 12 Mas 1947

- 33 Pwogram ki dekri nan sitasyon sa a te fè pati politik etranje
- detant
  - kont ekspansyon
  - netralite
  - kolonyalis
- 

- 34 Nan pwosè *Schenck v. Lèzetazini* (1919) ak *Korematsu v. Lèzetazini* (1944) alafwa, Lakou Siprèm lan te deside pandan lagè a
- libète sivil yo kapab limite
  - fanm yo kapab goumen nan konba
  - yo pèmèt anwolman moun ki pa sitwayen ameriken yo
  - lavant alkòl ilegal
- 35 Apre fen Dezyèm Gè Mondyal la, anpil fanm ki t ap travay te kite travay izin yo paske yo
- te revoke yo nan travay yo akòz move ranman
  - pa t prepare pou travay nan moman lapè
  - fòse yo abandone travay yo pou bay veteran lagè ki retoumen yo
  - yo pa t satisfè avèk salè ba yo
- 36 Doktrin Eisenhower (1957) te reprezante yon efò Etazini pou
- vin genyen kontwòl sou Kanal Swèz
  - pran posesyon pui petwòl Mwayennoryan
  - jwenn yon patri pou refijye Palestinyen yo
  - opoze kont enfliyans Inyon Sovyetik nan Mwayennoryan
- 37 Pandan ane 1950 yo ak ane 1960 yo, ki lidè dwa sivil ki t ap entèsede kont separasyon moun nwa?
- Medgar Evers
  - James Meredith
  - Rosa Parks
  - Malcolm X
- 38 Prezidan Lyndon B. Johnson te itilize tèm *Gran Sosyete (Great Society)* pou dekri efò li fè pou
- diminye taks pou tout Ameriken yo
  - genyen konpetisyon pou espas ekstteryè
  - mete yon fen nan povrete ak diskriminasyon Ozetazini
  - amelyore fòs lame peyi a
- 39 Demonstrasyon Berkeley, revòlt nan Konvansyon Nasyonal Demokratik 1968 la, ak pwotestasyon Kent State montre elèv yo pa apwouve pou
- Lagè Vyvetnam
  - ogmante lajan nan inivèsite
  - sitiyasyon inegal fanm Ameriken yo
  - segregasyon rasyal

- 40 Ki sitiyasyon nan ane 1970 yo ki te lakòz Etazini rekonsidere endependans li sou resous enèji etranje yo?
- lagè nan Afganistan
  - anbago petwòl Oganizasyon Peyi ki Ekspòte Petwòl (OPEC)
  - reyinyon avèk Inyon Sovyetik pou limite zam nikleyè
  - akò echanj komèsyal lib avèk Kanada ak Meksik

Baze repons ou pou kesyon 41 sou desen ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.




Sous: Herblock, "I am Not a Crook,"  
The Washington Post, 24 Me, 1974

- 41 Desen a pi asosye avèk polemik sou
- Afè Watergate
  - lagè kont dwòg
  - konfli ant Arab yo ak Izrayèl
  - kriz otaj Iran
- 

- 42 Yon resanblans ant Prezidan Jimmy Carter ak Prezidan Bill Clinton sèke toulède lidè yo
- te fè efò pou mete lapè nan Mwayennoryan
  - te sipòte pou federal pran chaj sou edikasyon piblik
  - te bay temwayaj sou sèman nan odisyon Sena Etazini
  - te pwopoze trete pou limite echanj komèsyal avèk Amerik Latin

Baze repons ou pou kesyon 43 sou graf ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.


### **Plis moun k ap resevwa koupon pou manje (food stamps)**



Sous: USA Today,  
28 Jiyè, 2004 (adapte)

- 43 Ki deklarasyon ki pi byen sipòte nan enfòmasyon ki nan graf sa a?
- Sipli manje a te pi plis an 2000 pase an 2004.
  - Konsomatè yo te depanse plis lajan nan boutik yo an 2000.
  - Gouvènman an t ap ede mwens moun an 2004 pase an 2000.
  - Plis moun te bezwen asistans lajan pou bay fanmi yo manje an 2004.
-

Baze repons ou pou kesyon 44 sou graf ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



\* Kandida ki genyen 1 milyon vòt oswa plis: 1992 – Pati Endependan, Ross Perot  
1996 – Pati Refòm, Ross Perot  
2000 – Pati Vèt, Ralph Nader

Sous: *Statistical Abstract of the United States: 2004–2005*, Biwo Resansman Etazini (adapte)

**44 Enfòmasyon ki nan graf sa a sipòte konklizyon ki endike ant 1992 ak 2000**

- (1) Demokrat yo te pèdi plis vòt nan kandida twazyèm pati yo pase Repiblikan yo
- (2) kandida twazyèm pati yo te resevwa mwens sipò nan chak eleksyon ki fèt pou prezidan
- (3) mwens pase 50 poustan moun ki ka vote te patisipe nan eleksyon yo
- (4) Repiblikan yo te resevwa plis pase 40 milyon vòt nan chak eleksyon

**45** An 1990, aniwon 12 poustan popilasyon Etazini te genyen laj plis pase 65 ane. Yo estime an 2030, chif sa a ap rive toupre 20 poustan.

Sous: Biwo Resansman Etazini


Tandans pou rezulta sa a ta pi posib pou ogmante nan kantite

- (1) imigran ki sòti nan Lazi
- (2) elèv ki ale nan inivèsite
- (3) moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal
- (4) manm Chanm Reprezantan yo

**46** Yon premye reyakson Etazini nan atak teworis 11 Septanm 2001 an se te pou

- (1) ede elimine rèy Taliban yo nan Afganistan
- (2) diminye sipò pou Izrayèl
- (3) sispann echanj komèsyal avèk peyi Mwayennoryan yo
- (4) mande pou genyen yon fen nan rèy kominis lan nan peyi Irak

Baze repons ou pou kesyon 47 sou graf ki anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Bigelow ak Peterson, eds., *Rethinking Globalization, Rethinking Schools*, 2002 (adapte)

47 Yon konklizyon ki pi byen sipòte pa enfòmasyon ki nan graf sa a sèke Etazini

- (1) pi efikas ak mwen gaspiyè pase lòt peyi yo
- (2) montre gwo enkyetid pou peyi ki mwen devlope yo
- (3) anpil fwa konsome plizyè resous monn lan an mwayèn
- (4) depanse plis pase lòt peyi yo sou pwoteksyon anviwònman

48 Yon fason Kouri pou al chèche Lò (*Gold Rush*) an 1849 ak Bòl Pousyè (*Dust Bowl*) ane 1930 yo sanble sèke toulède te lakòz

- (1) yon lagè avèk lòt peyi
- (2) lavant teritwa federal ki pa chè
- (3) yon ogmantasyon nan migrasyon alwès
- (4) retire Ameriken Endyen Natif Natal yo epi voye yo nan rezèv yo

49 Samuel Gompers, Eugene V. Debs, ak John L. Lewis te enflyanse ekonomi Ameriken an lè yo

- (1) te sipòte echanj komèsyal lib ant peyi yo
- (2) ankouraje itilizasyon monopòl yo
- (3) entèsede kapitalis lese-fè
- (4) travay pou devlope sendika epi pou amelyore salè yo

50 Ki kategori pi egzat ki konplete tit pou deskripsyon pasyèl ki anba a?

- I. Pwosè Lakou Siprèm ki gen pou wè avèk
- 
- A. *Engel v. Vitale* (1962)  
 B. *Tinker v. Des Moines School District* (1969)  
 C. *New Jersey v. T.L.O.* (1985)  
 D. *Vernonia School District v. Acton* (1995)

- (1) Dwa pou bay Konsèy
- (2) Dwa Elèv
- (3) Entegrasyon nan Lekòl
- (4) Finansman Federal Edikasyon

## **Repons kesyon redaksyon an dwe ekri nan tiliv redaksyon separe an.**

**Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa a:**

**diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

### **Pati II**

#### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

**Enstriksyon:** Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale de sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

##### **Tèm: Chanjman**

Nan tout istwa Etazini, moun apa de prezidan te jwe wòl enpòtan ki mennen nan chanjman nan ekonomi, gouvènman oswa sosyete peyi a.

##### **Sa w gen pou fè:**

Chwazi **de** (2) moun enpòtan, apa de prezidan, ak zòn kote yo t ap eseye mennen chanjman, epi pou **chak moun**

- Diskite sou **yon** aksyon moun lan te pran ki mennen chanjman nan ekonomi, gouvènman oswa sosyete peyi a
- Diskite sou chanjman ki te vin genyen kòm rezulta aksyon moun lan

Ou kapab itilize nenpòt moun nan etid istwa Etazini ou (apa de prezidan). Pami kèk sijesyon ou kapab vle konsidere, genyen Frederick Douglass ak esklavaj, Andrew Carnegie ak endistriyalizasyon, Jacob Riis ak lavi nan vil, Upton Sinclair ak pwoteksyon konsomatè, Henry Ford ak endistri otomobil, Margaret Sanger ak dwa repwodiksyon, Martin Luther King Jr. ak dwa sivil, Cesar Chavez ak travayè agrikòl sezonye, epi Bill Gates ak endistri lojisèl.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman. Men, ou pa kapab chwazi yon prezidan Etazini.**

##### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou a, asire ou:**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan developman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) eksplike vle di “pou rann fasil oswa konpreyansib; pou bay rezon oswa lakoz; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analyze dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Konstitisyon an bay prezidan Etazini pouwwa kòm kòmandan-an-chèf. Alòske prezidan an itilize pouwwa militè li pou angaje twoup yo aletranje, li itilize pouwwa sa a tou pou reyaji nan kriz peyi a. Twa kriz peyi a se te **Lagè Sivil (1861–1865)** pandan Abraham Lincoln te prezidan, **Mach pou Bonis (1932)** pandan Herbert Hoover te prezidan, ak **Little Rock, Arkansas (1957)** pandan Dwight D. Eisenhower te prezidan.

**Sa w gen pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon yo ki suiv chak dokiman nan Seksyon A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Seksyon B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

Chwazi *de* (2) kriz peyi a ki endike nan kontèks istorik ki te lakòz prezidan yo itilize pouwwa militè yo prezidan yo kòm kòmandan-an-chèf epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki te lakòz kriz la
- Eksplike yon aksyon prezidan an te pran pou rezoud kriz la
- Diskite sa l te pran pou aksyon prezidan an te rezoud kriz la **oswa** te fè yon efè sou sosyete Ameriken an

## **Seksyon A**

### **Kesyon ak Repons Kout**

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki suiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### **Dokiman 1**

... Mwen menm [Prezidan Abraham Lincoln] ta sove Inyon an. Mwen ta sove li nan fason ki pi kout la dapre Konstitisyon an. Tank otorite nasyonal la kapab retabli pi bonè tank Inyon an ap pi pre "Inyon an jan li te ye a." Si genyen moun ki pa ta sove Inyon an sof si yo kapab *sove* esklavaj la anmenmtan, mwen pa dakò avèk yo. Si genyen moun ki pa ta sove Inyon an sof si yo kapab *detwi* esklavaj la anmenmtan, mwen pa dakò avèk yo. Objè siprèm mwen [pi enpòtan] nan batay sa a [Lagè Sivil la] se pou sove Inyon an, epi se *pa* swa pou sove oswa pou detwi esklavaj. Si m te kapab sove Inyon an san pa libere *okenn* esklav, mwen tap fè sa, epitou si mwen kapab sove li lè mwen libere *tout* esklav yo, mwen tap fè sa; epi si mwen kapab sove li lè mwen libere kèk esklav epi kite lòt yo poukont yo, mwen tap fè sa tou. Sa m ap fè sou esklavaj ak ras nwa a [Ameriken Nwa], mwen fè sa paske mwen kwè sa ede sove Inyon an; epi sa m ezite fè [ezite fè], mwen ezite paske mwen *pa* kwè sa tap ede sove Inyon an. Mwen dwe fè *mwens* nenpòt lè mwen dwe kwè sa m ap fè ap rann li pi mal, epi men dwe fè *plis* nenpòt lè mwen dwe kwè fè plis ap ede kòz la. Mwen dwe eseye korije erè yo lè yo montre mwen fè erè; epi mwen dwe adopte nouvo pwendvi si vit yo dwe parèt kòm pwendvi ki vrè. . . .

Sous: Abraham Lincoln a Horace Greeley, *New York Tribune*, 25 Out 1862

- 1 Dapre dokiman sa a, ki objektif prensipal Prezidan Lincoln nan batay Lagè Sivil la? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 2

... Kounye a, poutèt sa mwen menm, Abraham Lincoln, Prezidan Etazini, dapre pouvwa mwen genyen kòm Kòmandan-an-Chèf, Fòs Lame ak Marin Etazini nan moman rebelyon ame sa a [Lagè Sivil] kont otorite ak gouvènman Etazini, epi kòm yon mezi apwopriye ak nesesè pou siprime [sispann] rebelyon an, fè, nan premye jou Janyye, nan ane mil yuisan swasant-twa Seyè nou an, epi dapre objektif mwen pou fè sa pwoklame piblikman pou tout peryòd san jou, apati premye jou ki endike anwo a, òdone ak deziyen kòm Eta ak pati nan Eta yo kote moun yo, pou sa ki konsène yo chak, an rebelyon jou sa a kont Etazini, sa ki annapre a, sètadi: ...

Epi dapre nesesite pouvwa a, ak pou objektif ki endike anwo a, mwen òdone ak deklare pou tout moun yo kenbe kòm esklav nan Eta ki deziyen yo [eta ki an rebelyon yo], ak pati nan Eta yo, lib epi dwe lib apati kounye a; epi gouvènman Egzekitif Etazini, avèk tou otorite militè ak naval, ap rekonèt ak pwoteje libète moun sa yo....

Sous: Abraham Lincoln, Pwoklamasyon Emansipasyon, 1<sup>re</sup> Janvy 1863

- 2 Dapre dokiman sa a, kisa Prezidan Lincoln t ap swete reyalize lè li fè Pwoklamasyon Emansipasyon? [1]

---

---

Score

### Dokiman 3a

Washington, 26 Mas 1863  
Onorab Andrew Johnson  
Mon Chè Mesye:

Yo fè mwen konnen ou panse omwen kreye yon fòs militè nèg [Ameriken Nwa]. Dapre sa mwen panse, kounye a peyi a pa twò bezwen anyen espesyal ke kèk gason ki gen kapasite ou, ak pozisyon ou, pou al fè travay sa a. Lè m pale de pozisyon w, mwen vle di yon kokennchenn sitwayen ki gen respè nan yon eta esklavaj, epi limenm yon mèt esklav. Popilasyon nwa a se fòs ki trè disponib, epitou ki pa disponib pou retabli Inyon an. Vizyon vid senkant mil sòlda nwa ame ki antrene nan fon Misisipi, ta mete yon fen nan rebelyon an alafwa. Epi kimoun ki pa kwè nou kapab prezante vizyon sa a si nou pran sa oserye? Si w ap panse sou sa, tanpri pa anile panse a.

Salitasyon espesyal pou ou,  
A. Lincoln

Sous: Abraham Lincoln a Andrew Johnson, 26 Mas 1863, Abraham Lincoln Papers, Bibliyotèk Kongrè

3a Dapre dokiman sa a, ki wòl Abraham Lincoln te panse Ameriken Nwa yo te kapab jwe nan retablisman Inyon an? [1]

Score

### Dokiman 3b

... Vè fen Lagè Sivil la, apeprè 179,000 gason nwa (10% Fòs Lame Inyon an) te sèvi kòm sòlda nan Fòs Lame Etazini epi yon lòt 19,000 te sèvi nan Marin. Prèske 40,000 sòlda nwa te mouri pandan lagè a—30,000 te mouri akòz enfeksyon oswa maladi. Sòlda nwa yo te sèvi nan atiyri ak enfantri epitou yo travay nan tout fonksyon ki pa sipòte konba ki antreteni yon fòs lame tou. Chapantye nwa yo, chaplen nwa yo, kuizinyè nwa yo, gad nwa yo, kiltivatè nwa yo, enfimyè nwa yo, eklerè nwa yo, espyon nwa yo, pilòt nwa bato-a-vapè yo, doktè nwa yo ak chofè nwa yo te patisipe tou nan kòz lagè a. Te genyen prèske 80 ofisyè nwa ki te lonmen nan yon kòmannman. Fanm nwa yo, ki pa t kapab antre nan Fòs Lame a ofisyèlman, te sèvi kanmenm kòm enfimyè, espyon ak eklerè; sa ki te pi selèb se te Harriet Tubman, ki te jwenn rekonesans kòm 2yèm Volontè Kawolin-di-Sid. . . .

Sous: "The Fight for Equal Rights: Black Soldiers in the Civil War," Achiv Nasional ak Administrasyon Dosye

3b Dapre dokiman sa a, endike **yon** kontribisyon Ameriken Nwa yo te bay nan efò lagè a. [1]

Score

## Dokiman 4

Vè Jen 1932, yon gwo gwoup veteran Premye Gè Mondyal la te reyini nan Washington, D.C., pou mande bonis yo te pwomèt yo pou sèvis yo te rann peyi yo. Veteran sa yo te pote non Fòs Ekspedisyon pou Bonis (B. E. F.) oswa Fòs Lame Bonis. B. E. F. te vle bonis lan bonè kòm yon fòm soulajman pou Depresyon an.

Semèn pase, Chanm Reprezantan an te sede nan syèj Fòs Ekspedisyon pou Bonis ki te kreye kan yo toupre Kapitòl. Li te vote (226-kont-175) pou pran pwojè-lwa Patman [Manm Kongrè] Tekzas pou chanje imedyatman an lajan kach sètifikasi Konpansasyon Sèvis Ajiste a yon frè 2,400,000,000 dola nan lajan machin-a-enprime. Premye tès sa a fòs fanatic Bonis lan te endike Chanm lan ta pètèt pase pwojè-lwa Patman pou voye li ba Sena a. Yon ansanm de 56 Senatè—yon majorité—te di yo t ap kanpe kont Bonis lan. Men menm si dekrè a ta rive nan Kongrè a nenpòt fason, yon veto irezistib t ap tann li nan Mezon Blanch.

B. E. F. ki pa konnen jan lejislatif la mache, epi yo mete kèk 15,000 moun kanpe fò sou yon bann labou nan Anacostia, t ap debòde avèk kontantman nan Chanm lavikta a. Manm pèsonèl an ranyon li, veteran endijan yo soti toupatou nan peyi a, penetre nan Kapital la kouri ak kè kontan epi pou pouse dè kri de jwa epi trè vilgè pam yo menm. Pifò ladan yo te kite dèyè madamm ak ptit yo nan grangou. Yo te ale nan Washington paske, san travay pandan lontan, yo pa t gen anyen ki te pi bon pou yo fè. Nan kan an avèk kamarad A. E. F. [Fòs Ekspedisyon Ameriken] ankò, yo te sanble yap reviv ankò menm sejou yo te gen ansanm nan Lame a, yon fason pou yo pa panse ak reyalite. Yo te konvenk tèt yo pou kwè yo te la pou repare kèk mal—yon mal ki asosye nan reyalite Gouvènman an te louvri Trezò li ba bank yo, chemennfè yo ak lòt bagay ki menm yo men li te fèmen yo pou moun ki nan nesesite. Lè Chanm lan te vote pou pran pwojè-lwa a, youn te frape lòt padèyè epi yo te enpe sèten yo ta jwenn lajan yo nan kèk jou pou yo pote lakay yo. . . .

Sous: *Time Magazine*, 20 Jen 1932 (adapte)

- 4a Dapre *Time Magazine*, kisa ki te posib pou rive pwojè-lwa Patman lè yo t ap pase li nan Chanm Reprezantan yo ak lè yo te voye li ba Sena a? [1]
- 
- 

Score

- b Dapre atik *Time Magazine* sa a, idantifye **yon** pati nan ekonomi an ki te deja jwenn benefis nan depans gouvènman an. [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 5

A: Jeneral Douglas MacArthur, Chèf Ekip, Fòs Lame Etazini.

Prezidan an te fèk enfòme mwen gouvènman civil Distri Kolonbya a fè li konnen li pa kapab mete lòd ak disiplin nan Distri a.

W ap fè twoup Etazini yo ale imedyatman sou teren dezòd la. Kolabore okonplè avèk fòs polis Distri Kolonbya ki pran responsabilite a kounye a. Ansèkle zòn ki afekte a epi netwaye li san pèdi tan.

Remèt tout prizonye yo bay otorite sivil yo.

Sou lòd ou, ensiste pou yo akòde konsiderasyon ak jantiyès pou nenpòt fanm ak timoun ki kapab nan zòn afekte a. Itilize tout limanite ki konsistan avèk egzekisyon obligatwa lòd sa a.

PATRICK J. HURLEY  
Sekretè Lagè.

Sous: Patrick J. Hurley, Sekretè Lagè Prezidan Hoover, Washington, D.C., 28 Jiyè 1932,  
Bibliyotèk Prezidansyèl Herbert Hoover

- 5 Dapre dokiman sa a, kisa Jeneral MacArthur te òdone Sekretè Lagè Prezidan Hoover fè akòz mach Lame Bonis lan? [1]

---

Score

## Dokiman 6

. . . Clark Booth, ki nan Veteran Lagè Etranje, te deklare li te yon Repiblikan pandan tout lavi li jiska kat (4) jou desela epi li te vis-prezidan komite kanpay Hoover an 1928 pou distri Mobil, men aksyon Hoover nan rele twoup yo kont veteran Washington yo “te fè mwen vin yon Demokrat epi m ap fè yon vizit elektoral kont Herbert Hoover.”

William Taylor, yon veteran [Premye] Gè Mondyal ki se tou yon manm Lejislati Alabama, te fè atak prensipal la kont Prezidan Hoover nan ofri yon rezolisyon ki te pase alawonnbadè. Li te deklare “si Hoover te rele twoup yo pou anpeche lòbiyis Wall Street yo nan Mezon Blanch pa ta genyen depresyon,” li ajoute veteran ki te reyini nan Washington yo te la sèlman pou “eseye jwenn sa yo gen dwa pou jwenn.”

“Demokrat yo ap fè Hoover peye nan dat 4 Mas [Jou Inogirasyon] avèk èd veteran yo,” Mesye Taylor te deklare, “Prezidan an kapab retounen lakay li, oswa retounen nan peyi Angletè kote li sòti a.” . . .

Sous: “Assail Hoover in Mobile, Veterans Score Ousting of Bonus Army and ‘Republican Prosperity’”  
*New York Times*, 4 Out 1932

- 6 Dapre atik New York Times sa a, ki **youn** nan enpak politik aksyon Prezidan Hoover te genyen kont Lame Bonis? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 7a



Sous: Foto Will Counts fè pou *Arkansas Democrat*



Sous: Clayborne Carson, ed.,  
*Civil Rights Chronicle*, Legacy Publishing

**Yon elèv moun blan ap pase nan yon liy Gad Nasyonal Arkansas pandan yo refize Elizabeth Eckford pase nan dat 4 Septanm 1957.**

**Yon foul moun antoure Elizabeth Eckford deyò Lekòl Segondè Central nan Little Rock, Arkansas.**

7a Dapre foto sa yo, kisa ki te pase Elizabeth Eckford pandan li t ap eseye ale Lekòl Segondè Central nan dat 4 Septanm 1957? [1]

---

---

Score

## Dokiman 7b

... Nan dat 4 Septanm, apre yo fin mache nan mitan gad ak zam ak foul moun blan an chimerik, k ap fè manifestasyon pou rive devan pòt Lekòl Segondè Central, Gad Nasyonal Arkansas te voye Nèf Elèv Little Rock yo tounen. Foul moun blan yo te rele ak bat bravo, yo te pouse kri, yo te mache avèk gwo pa, epi yo sifle. Moun blan segregasyonis Little Rock yo pat remake feblès elèv yo oubyen jan yo te brav. Olye de sa, yo te wè senbòl kote Sid te gen lavikta nan Lagè Ant Eta yo, konpreyansyon yo nan degradasyon pandan Rekonstriksyon ki te vin apre a, ak menas sou fason devi moun Sid yo ke yo te ansenye yo pou kwè te sakre. . . .

Sous: Clayborne Carson, ed., *Civil Rights Chronicle*, Legacy Publishing

7b Dapre dokiman sa a, ki **youn** nan rezon ki fè kèk sitwayen blan Little Rock, Arkansas, pa vle Nèf Elèv Little Rock yo ale Lekòl Segondè Central? [1]

---

---

Score

## Dokiman 8a

. . . Maten an, foul moun lan te reyini ankò devan Lekòl Segondè Central ki nan Little Rock, sètènman pou anpeche ankò egzekisyon lòd Lakou Siprèm ki gen pou wè ak admision timoun Nwa yo [Ameriken Nwa] nan lekòl la.

Kèlkeswa lè biwo nòmal yo pwouve sa pa apwopriye pou travay la epi li vin nesesè pou Pouwwa Egzekitif Gouvènman Federal la itilize pouwva ak otorite li pou sipòte Tribunal Federal yo, responsabilite Prezidan an evidan.

Dapre responsabilite sa a, mwen pase yon Lòd Egzekitif jodi a ki pou mande itilize twoup yo anba otorite Federal la pou ede nan egzekisyon lalwa Federal nan Little Rock, Arkansas. Sa te vin nesesè lè yo pa t obsèv Pwoklamasyon mwen te fè yè a, epi yo toujou ap bloke travay lajistis.

Li enpòtan pou tout sitwayen konprann rezon pou aksyon mwen yo.

Kòm ou konnen, Lakou Siprèm Etazini te pran desizyon pou separe etablisman lekòl piblik pou diferan ras se yon bagay ki inegal natirèlman [de nati] epi kidonk lalwa segregasyon obligatwa nan lekòl yo pa konstitisyonèl. . . .

Sous: Diskou Prezidan Dwight D. Eisenhower, 24 Septanm 1957


- 8a (1) Dapre dokiman sa a, ki **youn** nan aksyon Prezidan Eisenhower te pran pou reyaji nan kriz la nan Little Rock? [1]
- 

Score

- (2) Dapre dokiman sa a, ki **youn** nan rezon ki fè Prezidan Eisenhower te pran aksyon pou reyaji nan kriz la nan Little Rock? [1]
- 

Score

## Dokiman 8b



Sous: Clayborne Carson, ed., *Civil Rights Chronicle*, Legacy Publishing (adapté)

**Nan dat 25 Septanm 1957, twoup federal yo te akonpaye  
Little Rock Nine nan klas yo nan Lekòl Segondè Central.**

8b Dapre foto sa a, ki travay twoup Fòs Lame Etazini yo te genyen nan Little Rock, Arkansas? [1]

---

---

Score

## Dokiman 9

Aksyon Prezidan Eisenhower te pran nan Little Rock se te yon pa empòtan nan ranfòse desizyon 1954 Lakou Siprèm konsènan segregasyon nan lekòl. Men, rezistan leta ak rezistans lokal pou entegrasyon nan lekòl la t ap kontinye.

Little Rock ak devlopman ki te fèt lavyèy jou avan tout bagay vin chanje. An Septanm 1957, dezegregasyon an te bloke. Little Rock te kraze baryè a. Vijini te santi enpak devlopman Little Rock la byen bonè. Vè fen ane 1958, eta “Old Dominion” (Vijini) te mete tèt li dèyè kèk trannkat nouvo ranpa [baryè] segregasyon—gam antye mwayen evazyon ki te gaye toupatou nan Sid pou anpeche dezegregasyon. Se te yon pwogram “rezistans an mas” yo te fè fason pa yo, yon pwogram lòt eta yo t ap chèche refè vrèman. Men pandan Bristol (Va.) *Herald-Courier* t ap obsève nan fen ane 1958, lè te vin genyen yon konfwontman piblik, “Rezistans an mas’ te satisfè ak prèske tout tès eksepte youn. Li pa kapab kite lekòl yo louvri epi pou yo separate.” . . .

Sous: James W. Vander Zanden, “The Impact of Little Rock,” *Journal of Educational Sociology*, Avril 1962

- 9 Dapre James W. Vander Zanden, ki **de** (2) enpak desizyon Prezidan Eisenhower te genyen pou aplike segregasyon? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Seksyon B Redaksyon

**Enstriksyon:** Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti pou *pi piti nan kat* dokiman nan redaksyon w la. Sipòte repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

Konstitisyon an bay prezidan Etazini pouwwa kòm kòmandan-an-chèf. Alòske prezidan an itilize pouwwa militè li pou angaje twoup yo aletranje, li itilize pouwwa sa a tou pou reyaji nan kriz peyi a. Twa kriz peyi a se te **Lagè Sivil (1861–1865)** pandan Abraham Lincoln te prezidan, **Mach pou Bonis (1932)** pandan Herbert Hoover te prezidan, ak **Little Rock, Arkansas (1957)** pandan Dwight D. Eisenhower te prezidan.

**Sa w gen pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazani pou ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de** (2) kriz peyi a ki endike nan kontèks istorik ki te lakòz prezidan yo itilize pouwwa militè yo kòm kòmandan-an-chèf epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki te lakòz kriz la
- Eksplike yon aksyon prezidan an te pran pou rezoud kriz la
- Diskite sa l te pran pou aksyon prezidan an te rezoud kriz la **oswa** te fè yon efè sou sosyete Ameriken an

### Gid:

#### Nan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan







# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Vandredi, 20 Jen 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

## FÈY REPOSNS

Gason

Elèv ..... Sèks:  Fi

Pwofesè .....

Lèkol .....

**Ekri reposns ou yo pou Pati I a nan fèy reposns sa a, ekri reposns ou yo pou Pati III Seksyon A nan tiliv egzamen an, epi ekri reposns ou yo pou Pati II a ak Pati III Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon separe a.**

### FOR TEACHER USE ONLY

**Part I Score** \_\_\_\_\_

13..... 38.....

**Part III A Score** \_\_\_\_\_

14..... 39.....

**Total Part I and III A Score** \_\_\_\_\_

15..... 40.....

**Part II Essay Score** \_\_\_\_\_

16..... 41.....

**Part III B Essay Score** \_\_\_\_\_

17..... 42.....

**Total Essay Score** \_\_\_\_\_

18..... 43.....

**Final Score  
(obtained from conversion chart)** \_\_\_\_\_

19..... 44.....

20..... 45.....

21..... 46.....

22..... 47.....

23..... 48.....

24..... 49.....

25..... 50.....

No.  
Right

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen reposns yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

# REGENTS IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION

Dechire li la a

Dechire li la a